

# Kisa Pwogram FIDA a ye?

FIDA se yon nouvo pwogram nan Eta New York pou adilt ki gen Medicare ak Medicaid epi bezwen swen alontèm.

Ak FIDA, ou resevwa avantaj ou genyen kounye a yo ak plis sèvis ankò — tout nan yon sèl plan swen kowòdone. W ap resevwa:

- **Medicare Part A** ki gen ladan swen nan lopital ak sèvis sante lakay
- **Medicare Part B** ki gen ladan vizit nan sal dijans, vizit kay doktè ak chèz woulant
- **Medicare Part D** medikaman sou preskripsyon
- **Medicaid** ki gen ladan swen lakay oswa nan mezon retrèt, sèvis sante konpòtman ak kèk medikaman sou preskripsyon

Ou ka chwazi yon plan FIDA ki gen doktè ou vle yo, epi w ap genyen:

- **Yon sèl** kat pou tout swen ak medikaman ou
- **Okenn** prim, dediktib oswa kotizasyon

## Kesyon?

New York Medicaid Choice (NYMC)

Rele: **1-855-600-FIDA (3432)**

TTY: 1-888-329-1541

Lendi–Vandredi kòmanse 8:30 am jiska 8:00 pm ak

Samdi, kòmanse 10:00 am jiska 6:00 pm

Sou Entènèt: [nymedicaidchoice.com](http://nymedicaidchoice.com)

## Lòt mwayen pou jwenn plis enfòmasyon sou FIDA

1-800 Medicare

Rele: **1-800-633-4227**

TTY: 1-877-486-2048

Ou ka rele nou 24 sou 24, 7 jou nan semèn nan.

Sou Entènèt: [Medicare.gov](http://Medicare.gov)

Independent Consumer Advocacy Network (ICAN)

Defandè Patisipan FIDA

Rele: **1-844-614-8800**

TTY: 711

Lendi–Vandredi kòmanse 8 am jiska 8 pm

Sou Entènèt: [icannys.org](http://icannys.org)



Pwogram FIDA a se yon patenarya ant New York State Department of Health ak Centers for Medicare and Medicaid Services.

**FIDA**  
Fully Integrated  
Duals Advantage  
MEDICARE AK MEDICAID



You nouvo chwa  
pou adilt ki gen  
Medicare ak Medicaid

## Poukisa pou ou antre nan yon Plan FIDA?

### W ap resevwa tout sipò ou bezwen nan men yon Ekip Swen

Lè ou manm yon plan FIDA, w ap gen yon Ekip Swen — yon ekip ak doktè ou yo, moun k ap travay lakay ou ak lòt moun k ap ba ou swen. Ekip ou a kapab gen moun ki pa fè pati plan ou a tankou fanmi ou, yon zanmi, oswa travayè sosyal ou — se ou menm ki deside.

### Kijan yon Ekip Swen pral ede mwen?

Yon Ekip Swen vle di doktè ou ak lòt pwofesyonèl swen sante ou yo kapab travay ansanm pou garanti ou jwenn sèvis ou yo, ale nan randevou ou yo, ak resevwa medikaman ou yo.

Ak yon plan FIDA, ou ka jwenn sèvis ou pa genyen kounye a ak tout sipò ou bezwen nan men yon Ekip Swen — pou ede ou rete an sante ak endependan mezi li posib.



## Ki sèvis yon Plan FIDA kouvri?

Plan FIDA yo ap ba ou sèvis sa yo ak plis toujou

### SÈVIS SWEN ALONTÈM MEDICAID

#### ■ Sèvis Sante lakay ou

Enfimyè  
Èd Sante Lakay  
Terapet Fizik

#### ■ Swen Pèsonèl

Pou ede ou benyen, abiye ak al fè makèt

#### ■ Swen Lajounen Pou Adilt

#### ■ Swen Sosyal Pandan Lajounen

#### ■ Swen Nan Mezon Retrèt

#### ■ Sante Espesyalite

Odyoloji (pou sante zòrèy/sans tandé)  
Dantè (pou sante dan)  
Optometri (pou sante zye)  
Podyatri (pou sante pye)  
Terapi Fizik

#### ■ Lòt Sèvis

Livrezon manje adomisil  
Repons pou ijans pèsonèl  
Transpòtasyon nan randevou medikal

### SÈVIS MEDICARE AK MEDICAID

#### ■ Vizit kay doktè

#### ■ Swen espesyalite

#### ■ Vizit nan klinik, tan entène lopital

#### ■ Sèvis sante konpòtman

#### ■ Radyografi ak lòt sèvis Radyoloji

#### ■ Swen chiwoprakti

#### ■ Avantaj medikaman Medicare Part D ak Medicaid

#### ■ Sèvis anbilans

## Kiyès ki ka antre nan yon Plan FIDA?

Adilt ki gen 21 ane oswa plis epi ki gen Medicare ak Medicaid ka antre nan plan an si yo bezwen swen alontèm, tankou swen lakay yo oswa nan yon mezon retrèt.

Moun ki nan dènye etap maladi nan ren ka antre nan yon plan FIDA.

*Kèk moun pa kalifye pou FIDA.*



### Kijan pou mwen fè pou antre nan yon Plan FIDA?

Si ou gen kesyon sou plan FIDA yo, oswa ou vle antre nan yon plan pa telefòn, rele **New York Medicaid Choice**. Konseye nou yo kapab ede ou nan tout lang.

Rele: 1-855-600-3432. TTY: 1-888-329-1541.

Lendi– Vandredi kòmanse 8:30 am jiska 8:00 pm.

Samdi, kòmanse 10:00 am jiska 6:00 pm.